



Pou Piblikasyon Imedya: 26/09/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO EGZÒTE MOUN NEW YORK YO POU PREPARE YO POU GWO LAPLI, VAN AK TANPÈT YO

Van Konsiderab 24-40 Kilomèt Pa Èdtan ak Rafal Van ki a 64-80 Kilomèt Pa Èdtan Pa Moman Pandan Orè Maten ak Aprèmidi yo

Yo te aktive Sant Operasyon Ijans Eta a pou Siveye trajektwa Tanpèt yo

Enskri nan NY-Alert Pou Ou Ka Resevwa Dènye Notifikasyon Ijans yo sou alert.ny.gov

Gouvènè Andrew M. Cuomo te avèti jodi a moun New York yo pou prepare pou gwo lapli, tanpèt yo, ak gwo rafal van yo pandan ke fasad fredji yo ap vanse toupatou nan eta a soti nan lwès. Tanpèt yo pral kapab tou pwodwi gwo lapli ki ap tonbe onivo lokal yo ki ta pral lakòz inondasyon ibèn ak zòn altitud ki ba ki lokalize yo espesyalman pou Southern Tier ak lòt lokal yo ki te resevwa gwo lapli nan Madi. Tanpèt yo pral akonpaye ak gwo rafal van yo espesyalman nan tèren ki pi wo yo nan Adirondacks ak rejyon lès Catskills kote rafal van yo ta ka atenn 64-80 kilomèt pa èdtan. Tanpèt yo ta ka pwodwi van ki devastatè ki ap abouti a pye bwa ak kab ki tonbe yo, entèripsyon kouran yo ak domaj estriktirèl ki izole yo. Nou pa ka ekate yon tònad ak tanpèt sa a.

“Ak previzyon tanpèt ak gwo rafal van yo pou laplipa eta a jodi a, moun New York yo ta dwe pran prekosyon ki nesèsè epi prepare yo anvan frap metewo ki ka potansyèlman vyolan yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Eta a pare pou asiste patnè lokal nou yo ak pèsònèl, ekipman ak materyèl yo epi mwen egzòte abitan yo pou voye je sou vwazen yo ki ba bezwen yo pote yo sekou.”

Yon gwo fasad fredji pral vanse atravè eta a kòmanse apati maten sa a. Gwo lapli ak tanpèt yo deja ap tonbe sou Rejyon Lwès New York. Menas grav potansyèl yo pa pral kòmanse anvan aprèmidi sa a. Apati midi, yo prevwa yon liy tanpèt nan Finger Lakes ak rejyon lwès Southern Tier ak rejyon lwès New York Santral. Apati 3:00 pm, verifye pou tanpèt la tou pre nan mitan Eta a, ki ap rive nan Distrik Kapital apati 4:00 pm epi prèske I-84 bò anviwon 7 pm. Sonje, sa yo se estimasyon ki baze sou jan yo prevwa ke sistèm nan pral vanse rapidman. Menas prensipal tanpèt sa yo se pral gwo rafal van devastatè yo. Li posib tou pou gen gwo lapli ki ap tonbe yo ki ka lakòz inondasyon rapid nan zòn ki izole yo espesyalman nan Southern Tier. Genyen yon Dekalasyon sou Danje sou Plaj yo ki an vigè soti 9 am pou rive nan sware sa a pou plaj yo ki nan konte Niagara,

Orleans, Monroe, Wayne, Northern Cayuga, Oswego, ak Jefferson yo. Yo prevwa kouran dlo fò yo ak kondisyon ki danjere pou moun naje yo. Epi tou yon Deklarasyon sou Kouran Dlo Retou yo rete poste jiska sware sa a pou Plaj Atlantik yo nan Vil New York, Konte Nassau ak Suffolk.

Ofiramezi tanpèt la ap deplase nan eta a, Sèvis Nasyonal Meteyo (National Weather Service) gendwa dekrete vèy ak avètisman meteyo atravè Eta New York. Pou w kapab jwenn yon lis konplè sou alèt ak avètisman metewo yo, vizite [sit entènèt](#) Sèvis Nasyonal Meteyo la.

Pou w resevwa avètisman ak notifikasyon sou move tan nan zòn ou an yo, enskri sou NY-Alert, ki se sistèm avètisman ijans gratis Eta New York la ki mande pou moun enskri a [isit la](#).

Preparasyon Ajans Leta yo

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services)

Sou òdonans Gouvènè an, yo te aktive Sant Operasyon Ijans Eta a (State Emergency Operations Center) pou Siveyans ki Entansifye nan Nivo 4 pou ka siveye trajektwa tanpèt sa yo. Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo te an kontak ak Direktè Ijans yo ki nan rejyon ki te afekte yo, epi Sant Siveyans Eta a ap siveye nenpòt enpak potansyèl.

10 rezèv antrepo rejyonal nan Eta a yo totalman prepare, epi atou yo pare pou deplwaye yo gen ladan:

- Anviwon 700 jeneratris
- Plis pase 200 fa limyè
- Plis pase 1,250 ponp
- Plis pase 1.8 milyon sak sab
- 18 machin pou ranpli sak sab
- Plis pase 438,000 boutèy ak sachè dlo
- Plis pase 28,500 pla ki pare pou moun manje
- 9,650 manto
- 12,340 dra ak 13,613 zòrye
- Baraj akwatik (Aqua Dam) ki mezire 6,771 pye

Depatman Transpò (Department of Transportation)

Depatman Transpò Eta a pare pou pote repons pou nenpòt enpak tanpèt ak 83 eskavatris, kat bulldozè, 19 nivelez, 17 kamyon aspirasyon ki gen flit egou yo, 10 ponp dlo, 1,408 kamyon baskil ki laj, 313 kamyon chajè ki laj, 14 kamyon a so ak ekipaj pou pye bwa yo, 79 dechiktez, 54 kamyon siyalizasyon sikilasyon, ak 13 kamyon tank dlo.

Anplis, Depatman an genyen Pano Mesaj Varye (Variable Message Signs) pou avèti kondiktè sou gwo van oswa sou nenpòt avètisman meteyo grav ke Sèvis Nasyonal Meteyo fè sòti pou nenpòt zòn jewografik nan eta a.

Otorite Thruway (Thruway Authority)

Otorite Thruway la ap egzòte otomobilis yo pou yo pran prekosyon pandan y ap kondui pandan move tan. Otorite Thruway yo gen Panno Mesaj Varyab ki disponib toupatou nan sistèm nan si pou alète chofè yo sou siveyans ak avètisman pou kondisyon meteyo vyolan yo. Pèsonèl yo ap siveye sistèm drenaj yo de prè epi yo ap prepare ekipman pou pye bwa potansyèl ki tonbe yo, epi yo pare pou pote repons epi asiste si sa nesèsè. Otorite Thruway ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil li yo](#), ki disponib pou download gratis sou aparèy iPhone ak Android. Aplikasyon an bay otomobilis yo enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou yo resevwa imèl TRANSalert k ap bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway a [isit la](#). Pou tout dènye enfòmasyon yo an tan reyèl, otomobilis yo ka suiv nou sou Twitter nan @ThruwayTraffic oswa lè yo vizite www.thruway.ny.gov pou yo wè yon kat anime k ap montre kondisyon sikilasyon an sou otowout Thruway, ansanm avèk lòt wout Eta New York yo.

Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC)

Ofisye Lapolis Konsèvasyon Anviwònmanal (Environmental Conservation Officers, ECOs), Gad Forè yo (Forest Rangers), ak pèsonèl Jesyon Ijans DEC yo an alèt epi yo pare pou deplwaye nan kominote ki afekte yo pa gwo lapli, inondasyon, ak gwo van yo. Tout resous ki disponib yo, ki gen ladan yo piltòt dwòn yo, bato, ak veyikil sèvis piblik yo, pare pou yo ede nan nenpòt repons ijans.

Lapolis Eta (State Police)

Lapolis Eta New York pral ap sipèvizè tanpèt lan epi li prepare pou ajoute pèsonèl ak patwouy adisyonèl nan zòn ki afekte yo jan sa nesèsè. Tout resous Lapolis Eta a yo, ki gen ladan yo machin 4x4 yo, veyikil sèvis piblik yo, veyikil kòmand mobil yo ak avyon yo rasanble epi pare pou deplwaman.

Pak Eta New York

Pak Eta New York yo kontinye siveye aktivman previzyon metewo vyolan yo ki pral vanse atravè Eta a aswè a ak nan demen, epi li te òdone Lapolis Pak lan ak pèsonèl pak lan pran mezi ki apwopriye pou nenpòt ak tout enpak tanpèt konsiderab yo ki enkli preparasyon pou inondasyon posib yo, pye bwa ki tonbe yo ak entèripsyon kouran yo nan etablisman Pak Eta yo. Ekipman yo prepare epi pare pou deplwaman si sa nesèsè pou pote repons nan ka yon ijans. Vizitè pak yo ta dwe tcheke www.parks.ny.gov oswa rele biwo pak lokal yo an pou yo ka jwenn dènye enfòmasyon yo konsènan orè fonksyonman pak yo, lè ouvèti ak fèmti yo.

Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service) nan Eta New York

Konpayi sèvis piblik New York yo gen yon baz deja ki gen 4,300 travayè ki disponib pou efò retablisman yo, jan sa nesèsè. Konpayi sèvis piblik yo sou alèt epi y ap siveye

deprè pandan tanpèt la ap devlope, epi yo pral deplwaye ekip retablisman yo kote yo bezwen yo. Pèsonèl nan Depatman an pral kontiye sipèvize efò sèvis piblik yo pandan evènman tanpèt la.

Depatman Sèvis Piblik la te pwolonje orè sèvis Liy Asistans Sant Apèl yo kòmanse apati Mèkredi 26 Septanm jiska 7:30 p.m., jan sa nesèsè, pou ede konsomatè yo nan efò restorasyon yo apre tanpèt la. Ou kapab rele Liy Sekou Sant Apèl Depatman Sèvis Piblik la nan [1-800-342-3377](tel:1-800-342-3377).

Prepare pou Pàn Kouran

Gouvènè Cuomo ap ankouraje rezidan yo pou yo rete lwen nenpòt kab ki kase paske yo ka toujou gen kouran ladan epi yo dwe konsidere yo kòm ekstrèmman danjre. Yo raple otomobilis yo ke Lalwa Eta a egzije si 'pa gen kouran' nan yon kafou epi limyè siyalizasyon yo pa operasyonèl, otomatikman kafou sa vin tounen yon arè nan kat sans. Nan ka gen wout ki fèmen oubyen ki bloke akòz inondasyon, kab elektrik ki tonbe oubyen debri yo, yo konseye otomobilis yo pou yo pran prekosyon epi obeyi tout pano siyalizasyon oubyen barikad ki an plas yo, kèlkeswa si yon wout parèt lib ou pa.

Si Ou Nan Blakawout

- Rele konpayi itilite w la pou w fè yo konnen pa gen kouran epi koute emisyon radyo lokal ou yo pou enfòmasyon ofisyèl yo. Pou yon lis konpayi itilite yo, vizite [Depatman Sèvis Piblik Eta New York la](#). Tyeke pou wè si vwazen w yo gen kouran. Voye je sou moun ki gen bezwen aksè ak bezwen fonksyonèl yo.
- Itilize flash sèlman pou ekleraj nan ka ijans – bouji ka lakòz dife.
- Kite pòt frijidè oswa frizè yo fèmen - pifò manje ki mande refrijerasyon yo ka rete nan frijidè an tout sekirite pandan plizyè èdtan. Yon frijidè ki rete fèmen pral kenbe manje yo frèt pandan apeprè kat èdtan. Yon frizè ranpli pral kenbe tanperati l pou apeprè 48 èdtan.

Apre yon Pan Kouran

- Voye jete kelkeswa manje ki te ekspozè a tanperati 40° F (4°C) pou de ze edtan oubyen plis, or oubyen ki gen yon sant, koule, aparans etranj. Sonje: "Lè nou pa si, jete manje a".
- Si manje ki nan frizè yo pi frèt pase 40° F epi yo gen kristal glas sou yo, ou kapab retounen konjle yo ankò.
- Si ou enkyè akòz medikaman yo ki ka gate, kontakte doktè w la.
- Reyapwovizyon twousò ijans ou ak pil nèf, manje ki nan kanèt ak lòt pwovizyon yo.

Gouvènè a ap ofri konsèy sekirite adisyonèl sa yo:

- Lakay oswa nan travay, kenbe yon radio a pil ak yon flach sou plas, ansanm ak apwovizyonman pil. Kenbe yon apwovizyonman dlo, medikaman, ak manje ki pa gate rapid yo prè sou plas. Si w itilize medikaman ki mande pou w mete yo nan frijidè, pifò ladan yo ka rete nan yon frijidè ki fèmen san pwoblèm - mande doktè w oswa famasyen w lan.

- Asire w gen yon metòd rechaj altènatif pou telefòn ou oswa nenpòt aparèy ki itilize kouran. Chaje telefòn ou yo oswa nenpòt aparèy ki mache ak pil.
- Si ou gen espas nan frijidè oswa nan frizè ou, ranpli resipyan plastik avèk dlo, kite espas yon pous andedan yo chak, sa pral ede kenbe manje yo frèt si pa ta gen kouran.

Konsèy sou Sekirite pou Inondasyon

- Chèche konnen wout ki gen mwens danje a pou soti lakay ou oubyen biznis ou, pou rive sou teren pi wo ki pa gen danje sizoka ou dwe kite nan prese.
- Devlope epi pratike yon plan “kouri pou fanmi an” epi idantifye yon espas rankont si manm fanmi an vin separe.
- Fè yon lis detaye – ansanm ak dokiman foto ak videyo ki ka genyen -- tout bagay ki gen valè tankou mèb, rad ak lòt byen pèsònèl. Kenbe lis la yon kote ki gen sekirite.
- Fè rezèv stòk ijans manje nan bwat, medikaman ak atik premye swen epi dlo potab. Stoke dlo potab nan veso pwòp epi ki fèmen.
- Planifye sa w ap fè ak bèt ou gen nan kay la.
- Kenbe yon radyo pòtab, flash, batri anplis ak ekipman ijans pou fè manje sou lamèn.
- Toujou gen gaz nan machin ou. Si kouran elektrik la koupe, stasyon gazolin ka pap ka bay gaz pandan plizyè jou. Kenbe yon ti kit pwovizyon nan ka katastwòf nan kòf machin ou.
- Jwenn konbyen pye pwopriyete w la ye anlè ak anba nivo inondasyon ki posib. Lè radyo bay nivo dlo inondasyon yo prevwa, ou ka wè si w riske inonde.
- Kenbe materyèl tankou sak sab, playwoud, fèy plastik ak bwa sou lamèn pou rezistans nan dlo nan sitiyoasyon ijans.
- Verifye kouvèti asirans ou. Anjeneral polis asirans pwopriyete kay pa kouvri dega inondasyon. Sèl asirans inondasyon ka pwoteje kay ou kont dega inondasyon. Ou kapab achte asirans inondasyon kèlkeswa kote ou rete, menm si se pa yon zòn inondasyon.

Vwayaje ak Prekosyon

- Kite bonè pou pa bloke sou wout inonde.
- Asire ou gen ase gaz pou vwati ou.
- Swiv wout yo rekòmande yo. PA fè touris.
- Pandan w ap vwayaje a, swiv emisyon Radyo Meteyo NOAA ak radyo lokal pou dènye enfòmasyon yo.
- Siveye wout ki inonde yo, glisman teren, dlo ki pete oswa tiyo prensipal ki pete, fil elektrik ki ap pandye oswa ki tonbe nan dlo yo, oubyen pyebwa k’ap tonbe oswa ki te tonbe yo.
- Siveye zòn kote rivyè oswa kouran dlo ka monte toudenkou ak inonde, tankou kote otowout la anpant, pon, ak zòn ki ba.
- PA eseye kondi nan yon wout ki inonde. Vire tounen epi ale nan lòt direksyon an.
- PA souzestime puisans destwiksyon dlo k ap deplase vit. De pye dlo inondasyon k ap deplase vit ap flote vwati ou. Dlo k’ap kouri ak yon vitès de kilomèt pa èdtan ka pote ale machin ki sou wout oswa sou yon pon.

- Si ou nan yon machin epi dlo a kòmanse monte rapid bò kote ou, abandone machin lan imedyatman.

Pou w jwenn yon lis konplè kondisyon meteyo ak lide pou preparasyon anvan pandan ak apre yon inondasyon, ale nan sit entènèt Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo sou www.dhSES.ny.gov/oem/safety-info/flood/floodprepare.cfm.

###

W'ap jwenn lòt nouwèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)